## ФИЗИКАЛЫҚ ТӘРБИЯ ҲӘМ СПОРТ

# ЖОҚАРЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ СИСТЕМАСЫНДА ДЕНЕ ТӘРБИЯСЫ ҲӘМ СПОРТ ҚӘНИГЕЛЕРИНИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТАЯРЛЫҒЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ ИМКАНИЯТЛАРЫ

***Мамбетқасимова Қ.***
*Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт университети*
*Нөкис филиалы*

**Tayanch so'zlar:** nazariy tayyorgarlik, jismoniy tarbiya, kasb-hunar ta'limi, kompetentsiya, sport pedagogikasi.

**Ключевые слова:** теоретическая подготовка, физическое воспитание, профессиональное образование, компетентность, спортивная педагогика

**Key words:** theoretical training, physical education, vocational education, competence, sports pedagogy.

Мәмлекетимизде дене тәрбиясы ҳәм спорт тараўында көп басқышлы кадрлар таярлаў системасы мәмлекетлик билимлендириў стандартының киритилиўи менен цикл ҳәм тәбийий-илимий пәнлер бойынша оқыў-педагогикалық процесске болған талапларды бир қанша арттырды. Тәбийий-илимий пәнлер бойынша жоқары билимлендириў мәкемелериниң оқыў бағдарламаларына беккем кирип барды, жоқары мағлыўматлы қәнигелердиң базалық таярлығы тийкар сыпатында қарала басланды. Дене тәрбия жоқары оқыў орынларында тәбийий-илимий циклдың теориялық тийкарларын үйрениў жақын пайытларға шекем кәсиплик зәрүрлик деп есапланбаған. Ҳәзирги ўақытта дене тәрбия жоқары оқыў орынларында тәбийий-илимий пәнлерди оқытыў сапасына тийисли мәселелерди үйрениўге болған зәрүрлик жүзеге келди.

Жоқары кәсиплик билимлендириўдиң екинши дәрежеси дене тәрбия бакалаврларынан теориялық анализ ҳәм статистика елементлерин толық ийелеп алыўын талаб етеди. Ҳәзирги күнде спортшылардың шынығыў процессинде, улыўма дене тәрбиясы-спорт искерлигинде олардың үлкен әҳмийетке ийе екенлигин ҳәр бир маман қәниге түсинеди.

Теориялық таярлық пәнин оқытыўға ажыратылған үлкен көлемдеги информация, пәнниң жоқары дәрежеде қурамалылығы, студентлердиң ҳәр түрлы дәрежедеги таярлығы, соның менен бирге дене тәрбия жоқары билимлендириў орынларының өзине тән өзгешеликлери әдеттеги оқытыў методикасында қәнигелерди сапалы таярлаў машқаласын толық шешиўге мүмкиншилик бермейди [4].

Қәнигелерди жәнe де сапалы таярлаўға жәрдем беретуғын тийкарғы жоллардан бири тәлим процесин индивидуалластырыў ҳәм табақаластырыў есапланады, бул оқыў ўазыйпаларын арнаўлы бир студентке максимал дәрежеде мөлшерлеп қоллаў дегени болып табылады. Бунда студент тек өзи билмеген ҳәм орынлай алмайтуғын нәрсеге үйренеди ҳәм сол студент ушын ҳәм әйне сол шараятларда ең нәтийжели есапланған оқытыў методлары ҳәм қуралларынан пайдаланылады. Оған оқыў бағдарламасын студенттиң мүмкиншиликлерине масластырыў жолы арқалы, индивидуал ўазыйпалар ҳәм курслар, исбилерменлик ойынлары, еркин таярлық, машқалалы-тематикалық конспектлер ҳәм т.б. менен ислеў жәрдеминде ерисиледи. Бунда тәлимниң ең тийкарғы ўазыйпалары төмендегилер есапланады: “оқытыўшы оқытади” системасынан “студент оқыйды” системасына қалай өтиў керек, билим ҳәм көнликпелерди ийелеўге қалай етип қызығыўшылық оятыў зәрүр, оқыў процесин қалай қызықлы етиў керек?

Бул машқаланы оқытыў процесин индивидуалластырыў жәрдеминде шешиў мүмкин. Әйне индивидуалластырылған тәлим студентлердиң қәбилетлери ҳәм уқыпларын көрсетиў ҳәм раўажландырыў ушын қолай шәрт-шараятлар жаратады, бул жерде оқытыўшы тәлим процесин индивидуалластырыўдың мәнисин түсиниўи ҳәм аңлап жетиўи зәрүр.

Индивидуалластырылған оқытыў студентлердиң типик-индивидуал өзгешеликлерин есапқа алыў ҳәм индивидуалластырыў мақсетлерине сәйкес ҳалда оларды қандай да белгилерге көре группаларға ажыратыўды нәзерде тутады. Студентлер менен индивидуалластырылған ҳалда ислесиў ушын оларды группаларға бирлестириўде оқытыўшы ҳақыйқатлықтан келип шығыўы, яғный өз оқыўшыларының билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелериниң ҳақыйқый дәрежеси ҳәм интеллектуал искерлиги сапалары менен есапласыўы керек. Бундай оқытыўдың мәниси бул ҳәр қыйлы студентлер топарына өз алдына индивидуал жантасыў болып табылады, олар ушын бирден-бир оқыў жобасы шеңберинде мазмуны, көлеми, қурамалылығы ҳәм усыллары бойынша түрлише болған оқыў жумысларын шөлкемлестириў болып табылады [7].

Гуманитар бағдардағы жоқары оқыў орынлары ушын мәмлекетлик билимлендириў стандартларына тәбийий-илимий пәнлер блокының киритилиўи турмыслық мүтәжлик себепли жүзеге келген болып, бул бир қатар изертлеўлерде талқыланған.

Тәбийий-илимий пәнлер дене тәрбияға қәнигелестирилген барлық жоқары билимлендириў мәкемелери оқыў бағдарламаларына жоқары маман қәнигелердиң базалық таярлығы тийкары сыпатында терең кирип барған [1].

Спорт пәниниң раўажланыўы, дене тәрбияға жәҳән илимий-техникалық раўажланыўының енгизилиўи спортшылар ҳәм тренерлар таярлығының комплекс илимий ҳәм информация тәмийнатына түрли тараўдың қәнигелери -педагоглар, шыпакерлер, биологлар, физиологлар, биомеханиклар, биохимиклер, социологлар, инженерлер, математиклердиң қамтып алыныўына жәрдем берди. Заманагөй таярлық системасы оны тийкарлап бериў ушын, әлбетте илимий пәнлердиң (физика, математика, кибернетика) бир пүтин комплексин талап етеди.

Бир топар изертлеўшилердиң мынадай пикирда тоқталады, "теориялық билимданлық" - инсанның ол жасап атырған дүняда билимлердиң әҳмийетин анықлап алыў ҳәм түсиниў, жақсы тийкарланған теориялық пикирлерин билдириў, ҳәзир ҳәм келешекте жаратыўшаң, мәпдар ҳәм пикирлейтуғын дене тәрбиясы ҳәм спорт қәнигесине тән мүтәжликлерди қанаатландыра алатуғын дәрежеде теориялық пикирлерин билдире алыў қәбилети болып табылады.

Машқалаларды психологиялық-педагогикалық контекстте изертлеўде қәнигениң компетентлилиги үлкен әҳмийетке ийе. Оны былай түсиндириў мүмкин, гуманитар тәлим барлық тараўларда улыўма мәдениятлы ҳәм компетентли шахсты таярлаўға қаратылыўы керек. Сол себепли студентлерде теориялық компетентлиликти қәлиплестириўдиң педагогикалық шәрт-шәраятларды тәмийинлеў заманагөй спорт педагогы жумыс искерлигиниң зәрүр бөлеги есапланады. Бирақ, оқытыўшылар оқыўшыларда теориялық билимданлықты қәлиплестириўге жетерли дәрежеде таяр емес. Сол себепли дене тәрбия бағдарындағы студентлердиң кәсиплик-педагогикалық процессте теориялық компетентлилигин қәлиплестириўге таярлаў процесин бағдарлаў ҳәм хошаметлеў мәселеси актуал мәселе болып қалмақта.

Қәнигелердиң изертлеўлеринде кәсиплик-педагогикалық таярлық төмендеги уш киши системаларды өз ишине алыўшы система сыпатында қаралады:

1) теориялық, ол қәнигеликке кирисиў, педагогика, психология, тәрбиялық жумыслар методикасы, арнаўлы пәнди оқытыў методикасы, арнаўлы курслар, арнаўлы семинарларды өзине қамтыған;

2) изертлеў, ол қәнигеликке кирисиў, педагогика, психология, тәрбиялық жумыслар методикасы, арнаўлы пәнди оқытыў методикасы, арнаўлы курслар, арнаўлы семинарларды өз ишине алған;

3) әмелий, ол педагогикалық әмелиятты өтеў, спортты раўажландырыў жумысларында қатнасыўды өз ишине алған.

Дене тәрбия жоқары оқыў орынлары студентлерин таярлаўдың ең зәрүрли тәреплеринен бири олардың теориялық компетентлилигиниң қәлиплестирилиўи болып табылады, себеби тәлим ҳәм тәрбияға қарап шығылып атырған ҳәдийсениң логикасына сәйкес болған идеялар, низамлықлар, жуўмақларды таба алыўға ылайық болған, тийкарғы мақсетти ҳәм тийкарғы педагогикалық ўазыйпаларды, оларды оптимал шешиў жолларын көзлей алатуғын педагог ғана оқыў-шынығыў процесин нәтийжели басқара алыўы мүмкин [2].

“Теориялық компетентлилик” категориясининг мазмунлық характеристикаларын анықлаўда спорт педагогының педагогикалық искерликке бағдарланғанлығы, оның кәсиплик компетентлилиги шешиўши әҳмийетке ийе. “Кәсиплик компетентлилик” түсинигин изертлеў педагогтың “теориялық компетентлилиги” оның таярлығының тек ғана нәтийжели дәрежеси емес, бәлки психологиялық-педагогикалық билим ҳәм көнликпелерди ийелеўи болып табылады, деп есаплаўға мүмкиншилик береди. Сол себепли педагогтың теориялық компетентлилигиниң мазмунлы-операцион системасы, пән бойынша теориялық билимлер, операциялар орынлаў көнликпелерине тысқары, зәрүр дәлиллерди алыў ҳәм оларды узатыў усылларын билиў, математикалық билим ҳәм көнликпелерди жетилистириў тәжирийбелери, пәнлерараалық байланысларды билиў, оқыў-шынығыў процеси технологиясын оптималластырыў билимлери ҳәм көнликпелерин өз ишине алады.

Дене тәрбиясы ҳәм спорт қәнигеси компетентлилигиниң зәрүрли элементи оқыў ҳәм шынығыў процесинде информация моделлерин таңлай алыў ҳәм олардан пайдалана билиў көнликпеси есапланады.

Бир қатар қәнигелердиң пикирине қарағанда, көрип шығылып атырған машқалалардың қурамалылығы төмендеги себеплерге байланыслы:[8]

– информация технологияларының жедел раўажланыўы, аппаратлы ҳәм программалық тәмийнаттың үзликсиз жаңаланып барыўы;

– информация технологияларының түрли оқыў орынларында бир тегис енгизилмегенлиги;
– ҳәр қыйлы әмелий ўазыйпаларды шешиўге ҳәр түрли жантасыўлар.

Дене тәрбиясы бағдарындағы жоқары оқыў орны студентиниң теориялық компетентлилиги социумдаги қәдириятлар, искерлик мотивлары, оның улыўма мәденияты ҳәм дөретиўшилик потенциалын раўажландырыў қәбилети, өз оқыўшылары ҳәм тәрбияланыўшыларының руўхый дүньясын түсиниў ҳәм оған тәсир көрсетиў қәбилети, оларды ҳүрмет қылыў, студентти шахс ретинде қабыл етиў менен анықланады [9].

Мотивацион-қәдириятлар тараўы педагогикалық искерликти әмелге асырыў мотивлары, билимлер жыйындысын студентлерге бериў җәне оны раўажландырыўға бағдарлаў, студент шахсын раўажландырыў, тәбийий-илимий пәнлер тараўындағы қәдириятларды сәўлелендирген. Ол өз-өзин аңлаў, өз-өзин бақлаў ҳәм өз-өзин баҳалаўды өз ишине алады.

Илимпазлар пикирине қарағанда, студентлерде теориялық билимданлықтың қәлиплесиўи басқышпа-басқыш өтеди:[5]

1) информация моделлерине салыстырғанда унамлы мүнәсибеттиң қәлиплесиўи;

2) теориялық компетентлиликтиң мазмунлы-операцион тараўының қәлиплесиўи;

3) информация моделлери жәрдеминде рефлексив ҳәм қадағалаў-баҳалаў көнликпелериниң қәлиплесиўи.

Дене тәрбиясы факультетида тәбийий-илимий пәнлерди оқытыўға байланыслы изертлеўлердиң мониторинги соны көрсетеди, үлкен көлемдеги информация, студентлер таярлығының түрли дәрежеси, оқыў пәниниң жоқары дәрежеде қурамалылығы, соның менен бирге, жоқары оқыў орынларының өзгешелиги улыўма қабыл етилген методика арқалы студентлердиң теориялық таярлығы дәрежесин сапалы асырыўға мүмкиншилик бермейди.

Гуманитар жоқары оқыў орынларында билим алыўшылар ушын тәбийий-илимий тәлимниң тийкарғы концепцияларының шешилмегенлиги тән алынады, нәтийжеде бул машқала оқытыўда нәтийжели жантасыўларды излеп табыў менен шекленеди[6].

Қатар илимий жумысларда педагогикалық программалық қураллар ҳәм олардан пайдаланыў методикасы усыныс етилген, соның менен бирге, тәбийий-илимий пәнлерди үйрениўде оқыў процесин компютерлестириў технологиясы көрсетип өтилген [8].

С.Р.Ураимов тәрепинен әмелге асырылған изертлеўлерде өсип киятырған жас әўладтың теориялық қәбилетлери ҳәр тәреплеме тексерилген ҳәм сол тийкарда тәлимди индивидуалластырыў мәселелери үйренилген [3].

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күнде жақсы теориялық таярлықсыз ҳеш бир илимий яки кәсиплик искерлик жүритиў мүмкин емес. Теориялық таярлық заманагөй илимий ойлаўды қәлиплестириўге жәрдем береди, оннан кең пайдаланыў болса жоқары кәсиплик тәлимди раўажландырыўдың зәрүрли шәрти есапланады.

**Әдебиятлар:**


1. Azizxo‘jayeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat (Barcha mutaxassisliklar magistraturasi uchun darslik). Toshkent -2003-192 b.
2. Tolametov A.A. Sport metrologiyasi // O’quv qo’llanma. T.: Umid Design, 2021. – 220 b.
3. Uraimov S. Harbiy tarbiya va jismoniy tarbiya darslarida yigitlarning motor fitnesining blok-modular tizimining o‘zaro aloqasi //Herald pedagogiki. NaukaiPraktyka. – 2021. –T. 1. –No.1.
4. Xankeldiev Sh.X. Talaba yoshlarning jismoniy tayyorgarligining tegishli me’yorlarini qurish metodikasi //Ilmiy va amaliy. konf. Toshkent. - 2015. -B. 332-333.
5. Бальсевич В.К., Лубышева Л.И. Информационная культура специалиста как фактор внедрения новых технологий в практику физической культуры и спорта //Теория и практика физической культуры. - Москва, 2001. -No12. -С.18-19.
6. Бойченко С.Д. и др. О некоторых аспектах концепции координации и координационных способностей в физическом воспитании и спортивной тренировке //Теория и практика физической культуры. - Москва, 2003. - No8. - С.15-19.
7. Зайцева В.В., Сонькин В.Д., Изаак С.И. Индивидуальный подход в физическом воспитании и его реализация на основе компьютерных технологий. - Москва.: РГАФК. 1998. - 84 с.
8. Керимов Ф.А. Спорт сохасидаги илмий тадкикотлар. Ташкент: 2004. - 334 б.
9. Кочарян Ю.Я. Разработка и применение должных норм физической подготовленности учащихся 15-18 лет. Автореф. дисс. канд. наук М. 1990. - 19 с.
10. Siddiqov, B. S., & Mexmonaliyev, S. N. (2022). Pedagogik amaliyotning bo‘lajak o‘qituvchining kasbiy tayyorgarlik faoliyatida tutgan o‘rni. Academic research in educational sciences,3(1), 10-16.
11. Ахмедов, Б. А., Сиддиков, Б. С., & Джалалов, Б. Б. (2020). Модернизация образования-основной фактор в формировании инновационной компетенции будущих учителей. Academy, (9 (60)),20-22.



**РЕЗЮМЕ**

Ushbu maqolada oliy ta’lim tizimida jismoniy tarbiya va sport mutaxassislari uchun nazariy tayyorgarlikni shakllantirish imkoniyatlari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье анализируются возможности формирования теоретической подготовки специалистов по физическому воспитанию и спорту в системе высшего образования.

**SUMMARY**

This article analyzes the possibilities of forming theoretical training for specialists in physical education and sports in the higher education system.